

FALKLAND ISLANDS
GOVERNMENT

# NYAYA DZEKUENZANISWA KWEKODZERO DZAVANHU

**CHITSUWA CHE FALKLAND**

MUSHANDIRAPAMWE WOKUKURIDZIRA KUKOSHESWA KWEKODZERO DZEVANHU NEKUDZIVIRIRA RUSARURA

DESIRE THE RIGHT



## HURONGWA HWE ENZANISO DZEKODZERO DZEVANHU

Chitsuwa che Falkland chinenhorovondo yakanaka kwazvo yekugona kuchengetedza kodzero dzevagari vemo ,vanoshandamo uye vashanyi.

Hurongwa hweenzanisodzekodzero dzevanhu huchaparurwanevagari vemuno hwakanangana nekukuridzra kubatwa kwakanaka kwemunhu wese uye kudzivisa rusarura nehunhu hune kakusarura.

## KUVANDUDZWA KWEMUTEMO

Donzvo rechirongwa chekuenzanisa kodzero ,kuvandudzwa kwemitemo zvakanangana nekuenzaniswa kwekodzero dzevanhu mudunhu rino uye kuti ifambidzane nehupenyu hwanhasi.Mitemo mitsva ichapa hwaro wakasimba hwemitemo inodzivirira rusarura pakati pevanhu vose sezvinokodzera uye ichibata zvinhu zvakasiyana-siyana sezvichajekeswa nemutemo mutsva.

Hurongwa hwekuenzanisa mikana uhwu huchapa hwaro hwezvinhu zvinofanira kuremekedzwa zvakanyanya zviri muzvikamu.Nekuda kwekukura kwebasa riripo, zvakakosha kuziva kuti harikwanisiki kupera nguva imwe chete,saka richaitwa muzvikamu zvakasiyana.

## ZVAKAKOSHA KUTI VERUZHINJI VAZIVE

Veruzhinji vanonyatsoziva kuti chakanaka nechakaipa hazvingobudiswe nekuziviswa mutemo asi kuti vanokwanisa kuita sarudzo yezvakanaka nezvakaipa ivo pachavo.

Dzimwe nzira dzichashandiswa kudzidziswa nekushambadzira kune veruzhinji zvinobatsira kudzikisa mikana nekutarisira vamwe pasi ,kuona vanhu nenzira isiyo,rusarura nekubatsira kudzivirira zvinokonzera rusarura rusati rwaiitika.

Hurongwa uhu huchadzigira mabasa evagari vemuno nekukurudzira kuenzaniswa kwevanhu nekugara nehumwe hwevanhu vakasiyana siyana.

Kuva neruzivo rwokutivanhu vakasiyana nekugamuchirana nekusiyana kwedu neimwe mifungo ine pundutso zvichakuridzira kueendera mberi kwazvo munhau mukuenzaniswa kwekodzero dzevanhu zvikuru sei avo vagara vane mukurumbira wekudzvanyiririrwa kana kushaiswa mikana yekuratidza fungwa dzavo.

## MUSIYANO PAKATI PEKUENZANISWA KWEVANHU NEKUWANISWA KWEZVINHU ZVINOITA KUTI VANHU VAENZANE

- ✔ **Kuenzaniswa kwevanhu** kupa umwe neaumwe kodzero dzakafanana ruremekedzo rwakafanana nekuwanisa mikana yakafanana.Hazvinyanyinyi kureva kubata vanhu zvakafanana.

- ✔ **Kuwaniswa kwezvinhu zvinoita kuti vanhu vaenzane** gwara iri rinoyeuka kuti kwatinobva kwakasiyana uye tinotangira pakasiyana naizvozvo tinoda rubatsiro rwakasiyana kuti tiwane mikana yakafanana.



## ZVII ZVAKAKOSHERA KUVA NEKUENZANISWA KWEVANHU?

- Kunoderedeza hurombo nekutarisirwa pasi munyaya dzehupfumi
- Kunoderedza kuparwa kwemhosva nemhirizonga
- Kunokuridzira kushanda nesimba mumabasa
- Kunovandudza hupfumi
- Kunokuridzira hugari hunehutano
- Kunovandudza mikana yezvedzidzo
- Kunovandudza hutano nekugadzikana kwefungwa
- Kunoremekedza kukosha kwemadzimai anorarama nehurema uye ngochani

## MHANDO DZERUSARURA

| Rusarura rwuri pachena | Rusarura rwakavanda | Kushungurudza | Kunanga munhu |
|---|---|---|---|
| Kusabata zvakanaka munhu anotarisirwa pasi. | Kupa mutemo nehurongwa hunonobata vanhu vose asihuchimbunyikidza kunyanya vanotarisirwa pasi. | Hunhu wakaipa hunoitwa kuvanhu vanotarisirwa pasi kuti vashaye chiremera kana rusununguko. | Kubata munhu zvakashata nekuti apavo muonero wake wausingadi iwe kana kuti afumura hudzvanhyiriri. |



## MIENZANISO YERUSARURA

| Rusarura pakati pevakadzi nevarume | Rusarura rwevakaremara | Rusarura ganda | Rusarura nekuda kwechitendero |
|---|---|---|---|
| Munhukadzi otambiriswa mari shoma pane munhumurume aari kushanda basa rimwe chete naye. | Kurambidza mwana ane hurema kushanya pamwe nevamwe muzvikoro. | Kurambidza munhu kugara achitera pamba pako kana kumutengesera imba nekuda kweganda rake. | Munhu orambidzwa kupinda muimba inotengeswa zvidyiwa nekuda kwechitendero chake. |

## NHAURIRANO MUNHARAUNDA YEDU- tinoda muenero wenyu

Tinoona zvakakosha kuti munhu wese ave nemukana wekupa mafungire ake pamusoro pekuenzaniswa kwekodzero dzevanhu muchitsuwa che Falklands.

Tinoda kuwana ruzivo rwakadzama pamusoro perusarura rurikuitwa mudunhu rino uye nematanho arikutorwa kudzivirira rusaruro.Tinonadavo kuziva zvigozhero zviri kusangana nevanhu zvinoita kuti pasava nekuenzaniswa kwemikana pakati pevanhu.

Tinoda kuwana ruzivo kuvanhu vakawanda zvikuru uye kuti vanhu vave vakasununguka pakupa pfungwa dzavo pamusoro pezvavanosangana nazvo mudunhu rino.

Tirikugadzirira nezvehurongwa uhu kuCamp nemuStanley (mazuva nenguva tichakuzivisai) uye tinokwanisa kuronga nhaurirano,mumapoka,dungamunhu,mumabasa mumatunhu,muzvitendero ,mumitambo kana api mapoka amungada.Kana muchida kubatsira mukuita tsvakurudzo yekuunganidza ruzivo tibatei padandemutande riri pasi apo muchitiudza zvamunoda kuita.

Tichaitawo tsvakurudzo padandemutande munguva ichatevera mugore rino kuitira kuti vanhu vave nemukana wakakura nekuitavo kuti vanhu vakwanise kuonesana fungwa dzavo.

**Kana muchida kutaura nemukuru wehurongwa uhu kana kupinda mahuri,tibatei padandemutande :**
**equalities@sec.gov.fk**